ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫҐЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№145 (23.959) ● 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 5, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэм и Іэтащхьэ хэтащ «Кавказым инвестицэхэр хэлъхьэ» бизнес зэхыхьэм и пленар зэхуэсым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ икІи къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхъэрэм Инвестицэхэмкіэ щрагъэкІуэкІ тхьэмахуэ лэжьыгъэм хиубыдэу Минводы къалэм къыщызэрагъэпэща «Кавказым инвестицэхэр хэлъхьэ» еплІанэ бизнес зэхыхьэшхэм и пленар зэІуцІэм.

ЗЭХУЭСЫМ апхуэдэу къырихьэлІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Мутко Виталий**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэхъуэхмкіэ и министр **Чеботарёв Сергей**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ **Матовников Александр**, округым хиубыдэ щыналъхэм я унафэщІхэр, инвестицэ Іэхъуэщ Іапіэхэм, къэрал Іэнатіэхэм, зыужьыныгъэмкіэ щыналъэ институтхэм, бизнесым и Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, эксперт Іэхъуэщ Іапіэхэм я лІыкІуэу 600-м щІигъу.

Пленар зэІуцІэр зытеухуауэ щыта Іэхъу нэхъыщхьэр щыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр нэрылъагъуу щІэгъэхуэбжьэныкІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. къиГъэува къалэнхэр Гъэззщ Іэным, хьэрычъыщІэхэм, зыужьныгъэмкІэ Іэхъущ Іапіэхэм, къэрал властым и федеральнэ, щыналъэ органхэм я зэпыщІэныгъэхэр тэмэму зэтегъуэвэным хуэГъэзэа хэкІыпІэхэр убзыхунырщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и АПК-м зэрызиужь щыкІэм теухуауэ къызэреупщІам жэуап щиритым, КЪБР-м и Іэтащхьэм и гугъу ищІащ республикэм и мэкъумэшыщІэхэм я ехъулІэныгъэхэм. Псалъэм папщІэ, абы къыхихыгъащащ, АПК-р дэІыгъыным хуэГъэпсауэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІ къэрал политикэ шэщІам и фІыгъэкІэ щыналъэм и мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм Іэмал яІэщ екъулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьэу заужьыну, иджырей технологиехэр хапщэну.

Абы и фІыгъэкІэ 2019 гъэм КЪБР-м мэкъумэшхэкІыу къыщыщІагъэкІар нэгъабэрейм елъытауэ процентиш 105-рэ хуэдиз хъуну щогугъ. Республикэм ильэсым къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэхэкІыу тонн мин 300 хуэдиз, хадэхэкІыу тонн мин 400 къыщрахьэлІащ, консерв банкІ мелуан 350-м нэблагъэ ящІащ, ахэр Урысейм и щыналъэхэм я нэхъыбапІэм ирагъашэ. ХъуманІэу тонн мин 210-рэ зыщІэхуэнухэр яухуащ.

Зэхыхьэм и кІэухым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм и Ахъшэ хуэмапІэмрэ Зэгурыіуэныгъэ зэращІыІащ инвестицэ проектхэр къэпщытэныкІэ ахэр гъэзэщІэныкІэ щыІэздэлэжьэным теухуауэ.

Зэхыхьэр щекІуэкІащ абы ирихьэлІэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мутко Виталий, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэхъуэхмкіэ и министр Чеботарёв Сергей, Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Матовников Александр сымэ официальнэу къыхэІуаха «МинводыЭКСПО» гъэлъэгъуапІэ центрым.

Центрыр Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ «Минеральные Воды» къхъулъатэ тельэтыкІыпІэм пэмыжыжьэу яухуащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 33-рэ еубыд. Абы зэуэ цІыху мини 5 хуэдиз иригъэблагъэфынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек банк лэжьакІуэхэм яІуощІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъэгъазэм и 3-м яуэзащ Урысейм и Банкым и Ищхъэрэ управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Эберенц Владимир, «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Комлев Владимир сымэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кІуэдзэ **КІэрэф Мурат**, КЪБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Ащхъуэт Руслан**, Лъэпкъ банкым и кІудамэу КЪБР-м щыІэм и тхьэмадэ **Тхьэмокъуэ Анатолий** сымэ.

Псалъэмакъыр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар цІыхухэм я финанс зэхэщІыкІыр къэІэтыныinjр, республикэм и жылагъуэ нэхъ пхыдзэхэм щыпсэухэм банк Іэхуэхьабзэхэр къызэрагъэсэбэныр егъэфІэкІуэныр, ди щыналъэм ахъшэ Іэрымылъхьэ зэрыщыізэрагъакІуэм зегъэужьныныр.

Къэпсэлъахэм апхуэдэу кІыхагъэщащ ахъшэхэр зэрызэрагъакІуэ «Мир» картэхэм я лъэпкъ системэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и электрон сервисхэм къызэрыщагъэсэбэным зегъэужьын, «Мир» социальнэ картэ зэгуэтыр финанс Іэнатіэм нэхъ нэгъэсауэ щыхэпщэн зэрыхуейр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Дыгъэгъазэм и 5, *махуэку*

♦Экономикэ, социальнэ зыужьныгъэм елэжь зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ - 1941 гъэм советыдзэхэм Москва дежь нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр щрагъэкІуэтыжу хуежьащ.

♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьтІыгур зэрыщІэр кІыхутащ.

♦1936 гъэм СССР-м и етІуанэ Конституцэр кІащтащ. Ар тхыдэм хьхьащ «Сталиным и Конституцэ» щІэр иІэу.

♦1936 гъэм КъБАО-р КъБАССР хъуащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскін Езанэм щыІэ нэмыцэ быданІэм теуащ, хэщІыныгъэшхэри ираташ.

♦1957 гъэм Ленинград деж псым щытрагъэхьащ «Ленин» мылкъутэ атомнэ кхъухьыр.

♦2009 гъэм Перм къалэм гуаузшхэ къыщыхуащ - «Хромая лошадь» клубым мафІэ къыщІэнэри, абы щІыхуи 156-рэ хисхащ. Апхуэдиз щІыху зыхэкІуэда мафІэс УФ-м зэи къыщыхъуакъым.

♦Урыс усакІуэ, дипломат **Тютчев Фёдор** щІыхьэрэлъхурэ ильэс 216-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, дуней псом щІэІэрыІуэ мультфильм куэд дыдэ тезыха **Дисней Уолт** къызэралъхурэ ильэси 118-рэ ирокъу.

♦Дирижёр щІэрыІуэу щыта, СССР-м и щІыхубэ артисткэ **Дударовэ Вероникэ** къызэралъхурэ ильэси 103-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-ми КЪБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Къумыкъу Тыгъуэн** къызэралъхурэ ильэс 92-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик икІи и президент, РАЕН-м и академик, УФ-м, КЪБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Нэхущ Іэдэм** къызэралъхурэ ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и щІыхубэ артисткэ **Русановэ Нинэ** и ныбжьыр ильэс 74-рэ ирокъу.

♦Испаниеми щыщ оперэ уэрэджьакІуэ щІэрыІуэ **Каррерас Хосе** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Жыласэ Заурбэч** и ныбжьыр ильэс 59-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ уэрэджьакІуэ щІэрыІуэ, актрисэ **Каас Патрисие** и ныбжьыр ильэс 53-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м щІыхь зиІэ я артист **Быщтэ Азэмэт** и ныбжьыр ильэс 27-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 6, *мэрем*

♦Финляндие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1917 гъэм унафэ къащтащ ар Урысейм и унафэм зэрыщІэмытыжьым теухуауэ.

♦Испаниеми и конституцэм и махуэщ

♦1240 гъэм, къаувыхьауэ зэман кІыхькІэ щыта нэужь, монгол-тэтэрыдзэхэр Киев къалэм дыхьащ.

♦1492 гъэм Колумб Христофор Гаити хьтІыгур зэрыщІэр кІыхутащ.

♦1741 гъэм Урысей къэралыгъэм зэрыхьзэрий кІыщыхъуащ, дзэхэр и телъхьэ кІыщІри, пащтыхьыгъуэр ирубыдащ Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ.

♦1768 гъэм Британием щІэнгъуазэм и апэ кІыдэкІыгъэр Штолландием и къалащхьэ Эдинбург дунейм кІыщытехьащ.

♦1774 гъэм цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтын Іэнатіэр дунейм щыпІэу къэралым и нэІэм щІигъэващ Австрием.

♦1909 гъэм Саратов къалэм университет кІыщыщІэуахащ.

♦Урыс усакІуэ, публицист **Огарёв Николай** къызэралъхурэ ильэс 206-рэ ирокъу.

♦Гу дохутыр, хирург щІэрыІуэ, академик, тхакІуэ тельыджэ **Амосов Николай** къызэралъхурэ ильэси 106-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, актёр, сценарийхэр зытх, СССР-м и щІыхубэ артист **Наумов Владимир** и ныбжьыр ильэс 92-рэ ирокъу.

♦Балъкъэр щІэныгъэлІ, философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, КЪБР-мрэ Къалмыкъымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Эфендиев Сэлихь** и ныбжьыр ильэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет фигурист щІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 1976 гъэм Инсбрук (Австрие) щекІуэкІа XII щІымахуэ Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщІэзыхьа **Миненков Андрей** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Алтай крайм и губернатору щыта **Евдокимов Михаил** къызэралъхурэ ильэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр щІэрыІуэ, «Кинотавр», «Ника» саугъэтхэр зыхуагъэфэща **Балуев Александр** и ныбжьыр ильэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэм и медаль зыхуагъэфэща **Агалаковэ Жаннэ** и ныбжьыр ильэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 6 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Налшык къалэм щригъэкІуэкІащ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зэфІэкІхэр убзыхынымкІэ икІи абыхэм зегъэужьныныкІэ «Антарес» щІыналъэ центрым и попечительскэ советым и зэІуцІэ. Абы центрым и лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр, еджакІуэхэр къызэрыхах щыкІэр щаубзыхуащ икІи эксперт советым щылэжьэнуэр къыщыхахащ.

«Антарес» щІыналъэ центрым и лэжьыгъэр яубзыху

● Абы дегъэпІейтей

АПХУЭДЭУ республикэм и щІалэгъуалэм ящыщу нэхъ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъхэр къэгъэнэІуэныкІэ икІи абыхэм зегъэужьныныкІэ Іэмалхэр, егъеджэныгъэ программэ гуэдзэну абыхэм папщІэ зэхалъхьаэр пхыгъэкІныкІэ хэкІыпІэхэр нэгъэсауэ убзыхуэн зэрыхуейр къэпсэлъахэм жаІащ.

«Антарес» республикэ центрыр «Егъеджэныгъэ» лъэпкъ проектым и щІыналъэ Іыхьэм хиубыдэу къызэрагъэпэщащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ лакІуэу нэхъ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъхэм илъэс хуэрейм ядалэжьэнущ. Программэм хеубыдэ гъуэзджэр, спортыр, естественнэ щІэныгъэхэр, техническэ творчествэр. Проектыр гъэзэщІэныкІэ дэІэпыкъуэгъуэ щытынущ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ Сочэ къалэм къыщыізэрагъэпэща «Сириус» щІэныгъэ центрыр, Москва Бауман и цІэр зэрихьэу дэт къэрал техническэ университетыр, Москва дэт физико-техническэ институтыр, республикэм и вузхэр, бизнесым и Іэнатіэр, технологие льагэхэр къыщагъэсэбэп Іэнатіэхэм щылэжьэфыну цІыхухэр егъеджэным телажьэ щІыналъэ компание инхэр.

«Антарес» центрым егъеджэныгъэмкІэ и программэхэр гъэзэщІа хьэн папщІэ «ДыГъафІэ къалэ» сабий академием иджырей оборудованэрэ ар зыхуеину программэхэмкІэ къызэгъэпэща лабораторэу 10 къыщызэІуах. Центрым и лэжьыгъэр зэтеува нэужь абы 6 - 10-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэу 500-м щІигъум я щІэныгъэм щыхагъэхъуэфынущ. Центрым кърашэлІэнухэм я зэхуэдитІым нэхърэ мынэхъ мащІэр куэажэхэм кІыкІынущ. ЕджакІуэхэм педагог 30 хуэдиз ядэлэжьэнущи, абыхэм ящыщу 13-м нобэм ирихьэлІэу я щІэныгъэм щыхагъэхъуащ Стратегие жэрдэмкІэ агентствэмрэ «Сириус» центрымрэ.

«Антарес» центрым и попечительскэ советым и унафэщІу щытынущ республикэм и Іэтащхьэр. Апхуэдэу абы хагъэхьащ КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лэжьакІуэхэр, щІэныгъэ, бизнес Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Гу зылъытапхъэ

Прокуратурэм и лэжьакІуэхэр зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуалІэхэм дыгъэгъазэм и 12-м яхуэзэнущ

Урысей Федерацэм и Президентым къызэрыгъэувам тету 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къэрал псом щрагъэкІуэкІ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуалІэ цІыхухэм яхуэзэнымкІэ лэжьыгъэхэр.

А махуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэр цІыхухэм яхуэзэнущ сыхьэт 12 - 20-хэм къриубыдэу. ЦІыхуэхэр зэрачэзум тету ирагъэблагъэнущ икІи абыхэм яІыгъын хуейщ езыхэр зищІысыр къэзыгъэлъагъуэ документ (паспорт).

Республикэм и прокуратурэм и аппаратым и лэжьакІуэхэр цІыхухэм щахуэзэнущ мы адресхэмкІэ:

Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, унэ №16.
Налшык къалэ, Щоджэнцыкіум и уэрам, унэ №15.

Къалэхэмрэ районхэмрэ я лэжьакІуэхэр цІыхухэм щаІущІэнущ зыхуэфащэ прокуратурэхэм я унэхэм икІи абыхэм я адресхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и сайтым итщ.

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и официальнэ сайтым къыщыбгъэтынущ цІыхухэм я тхыгъэу, тхьэусыхафэу прокуратурэм и органхэм я лэжьыгъэм хиубыдэхэр икІи абыхэм зэрыхэплъэ щыкІэр.

УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэр цІыхухэм яхуэзэн папщІэ республикэм къокІуэ

2019 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м республикэм и прокуратурэм и унэм зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуалІэхэм щахуэзэнущ Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Демешин Дмитрий. Абы цІыхухэр иригъэблагъэнущ сыхьэт 11 - 13-хэм къриубыдэу.

Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэм зыхуагъэзэну къекІуэлІэнухэм **8(8662) 40-03-70** телефонымкІэ псалъэу нэхъ пасэу зрагъэтх хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым тхьэусыхафэхэм хэплъэнымкІэ, цІыхухэм яхуэзэнымкІэ, хабзэ Іуэхукіэмкіэ и дэІэпыкъуэгъуэхъыжь ЗекІуэрей Заур.

КЪБР-м и прокуратурэ.

● Бэнэкіэ хуит

МАХУЭ Билал: Си плъапІэр Олимп Джэгухэрщ



Урысейм бэнэкІэ хуитымкІэ щынэхъ лъэщ спортсмен Махуэ Билал алэрыбгъум къытехьэжащ. Зэман кІыхькІэ фэбжьхэм пэщІэта ди лъэпкъгъуэр утыку къыщихьащ Мэзкуу щекІуэкІа «Кубок Алроса» гала-зэхьэзэхуэм.

Ялэ махуэм зэІуцІэм хухах зэманыр и кІэм изысу ар текІуащ Германием и лыкІуэ Матухин Никэ. КъыкІэлъыкІуэмефІэкІащ куржы бэнакІуэ Одикадзе Элизбар.

News.ru хьыбарегъащІэ Іэнатіэм и корреспондентым Махуэр хутепсэлъыхьащ кІыхьлІыхьу и узыншагъэ зэрызытригъэувэжам, Олимпиадэм ямыгъэкІуэныкІэ щынагъуэ зэрыщыІэм.

- Ялэ зэІуцІэм кърикІуар дауэ зыхэпщІа?

- Бэнэным зыри тыншу къыщыпІэрыхьэркъым, абы къыхэкІыуи зэманыр и кІэм нэмысу къэсха текІуэныгъэм зыри къикІыртэкъым. ПсынщІэу зыззтезухуэри себгъэрыкІуэн щІэздзащ, тренерым и чэнджэщхэм сытету. Дэтхэнэ зэІуцІэми текІуэныгъэр къыщытхьын щцхьэкІэ сыт хуэдэ Іэмалри къыдогъэсэбэп.

- ИлъэситІым щІигъукІэ алэрыбгъум укъызэрытемыхьам сыт нэхъ гугъуу хэлъар?

- Си узыншагъэр зэтезгъуэвэжу си Іэпкъгъэпкъыр сыпсыхьжыныщ. Зэман кІыхькІэ сызэрымыбэнэфар си дежкІэ икъукІэ гугъут.

- АпщІондэхукІэ зэхъуэкІыныгъэшхуэ къэхъуа?

- Хьэрхуэрэгъу лъэщ куэд къыкъуэкІащ. Тыркумрэ Куржымрэ иджыпсту дунейм щынэхъ лъэщщ, абыхэм уебэныну хьэлъэ хъунущ. Си жагъуэ зэрыхъуащи, мы зэхъэзэхуэм Іэмал щызгъуэтакъым Петриашвили Гено себэныну. Езы бэнэкІэ дыдэми зэхъуэкІныгъэхэр игъуэтащ.

- Бэнэкіэм и хабзэщІэхэм дауэ уеплъэ?

- Ахэр нэхъыфІу къызолъытэ. Бэнэкіэр нэхъ удэзыхьэх, жьыджэрагъ къыпхэзылъхьэ хъуащ.

- Уэ укъыщыта зэманым къриубыдэу Урысейм уи пІэм иувэн бэнакІуэ щхьэ къыщымыунэхуарэ?

- Сыаразэкъым абыкІэ. ХьэлъагъкІэ нэхъ ин гупым щыта спортсмен куэд къыкъуэкІащ. Зэман пыухыкІа дэкІын хуейщ ахэр льагэпІа нэхъ ин дыдэхэм нэсын папщІэ.

- Олимп Джэгухэм укІуэныр зыІэрыбгъэхьэныгъэ гугъу удехьыну къыпщыхъурэ?

- Шэч хэмылъу, зэпэщІэтыныгъэр къызэрымыкІуэу гуащІэу щытынущ. Ар бжыгъэкІэ е процент гуэрхэмкІэ къыпхуэгъэлъэгъуэнукъым.

- РУСАДА-р ягъэхуаншэу, Урысей спортым санкцэщІэхэр къыхуагъэувынкІэ зэрыхъунум дауэ уеплъэ?

- Ди пщэ къыздэхуэ къалэныр алэрыбгъум щыдогъэзащІэ, политикэ Іуэхур ди унафэщІхэм зэхрагъэкІ. Си фІэщ мэхъу, дэ алэрыбгъум дыхэрыщыбанэм нэхъ мынэхъыкІэу ахэр ди хуитныныгъэхэм щІэбэныну.

- Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил спортсменхэм епсэльа а Іуэхум теухуауэ?

- Ди лъапІэ щхьэ къыщІэкІа. Зэман пыухыкІа дэкІын хуейщ ахэр льагэпІа нэхъ ин дыдэхэм нэсын папщІэ.

- Олимп Джэгухэм ягъэхьэнуэ щІэныгъэ зэрыщІэхъуэжам, Урысей спортым и ІуэхущІ Эберенц Владимир, «НСПК» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Комлев Владимир сымэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кІуэдзэ **КІэрэф Мурат**, КЪБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныгъэмкІэ и министр **Ащхъуэт Руслан**, Лъэпкъ банкым и кІудамэу КЪБР-м щыІэм и тхьэмадэ **Тхьэмокъуэ Анатолий** сымэ.

Псалъэмакъыр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар цІыхухэм я финанс зэхэщІыкІыр къэІэтыныinjр, республикэм и жылагъуэ нэхъ пхыдзэхэм щыпсэухэм банк Іэхуэхьабзэхэр къызэрагъэсэбэныр егъэфІэкІуэныр, ди щыналъэм ахъшэ Іэрымылъхьэ зэрыщІэзэрагъакІуэм зегъэужьныныр.

Къэпсэлъахэм апхуэдэу кІыхагъэщащ ахъшэхэр зэрызэрагъакІуэ «Мир» картэхэм я лъэпкъ системэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и электрон сервисхэм къызэрыщагъэсэбэным зегъэужьын, «Мир» социальнэ картэ зэгуэтыр финанс Іэнатіэм нэхъ нэгъэсауэ щыхэпщэн зэрыхуейр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

БгъуэнщІагъ нэхъ гъэщІэгъуэнхэр

Москва Ломоносов М. и цІэр зезыхьэ и къэрал университетымрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и институт щхьэхуэхэмрэ ягъэхьэзыращ къэралым и бгъуэнщІагъэхэм я атлас.

АР КЪЭРАЛЫМ и щІыналъэм хиубыдэу щыІэ бгъуэнщІагъ нэхъ ин дыдэхэр зыхуэдэр къыщыгъэлъэгъуэ ящІ тхьылъ. Мыр сэбэп яхуэхъунущ спелеологхэм, карстологхэм, апхуэдэу геологхэм, географхэм, экологхэм, палеонтологхэм, археологхэм.

Напэкіуэці 800-р зэпкърыхауэ топсэлъыхь Урысейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ бгъуэнщІагъ нэхъ ину, нэхъ дахэу, икІи щІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ нэхъ гъэщІэгъуэну 400-м. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ бгъуэнщІагъэхэр: Гуэл щхьэнТІэмрэ (метр 259-рэ и кууагъащ) Калибр Нэхъыщхьэмрэ (метр 3000 и кІыхьагъщ).

Атласыр Урыс географие зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ икІи абы и дэІэпыкъуныгъэкІэ къыдагъэкІащ.

Зытхыжар
ЖЫЛАСЭ Замирщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адэ щІэинкІэ псэуа щыІэкъым.

● Щlалэгъуэ

Социальнэ проектхэр зэрызэхалъхьэм зыхуагъасэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэм, и колледжхэмрэ институтхэмрэ я япэ курсхэм щIэс студенти 100-м щIигъу хэтащ «Социальнэ проектхэр зэхэлъхьэнымкIэ хабзэ нэхъыщхьэхэр» республикэ семинарым. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Волонтёр Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ и ресурс центрым.

СЕМИНАРЫМ иIэ мыхьэнэр зэпхэрахыу къэпсэлъащ КъБР-м щIыхуэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Мокаев Ашэмэз**, КъБР-м Къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым и унафэщIым и къуэдзэ **Жабеловэ Гольнарэ**, КъБР-м Волонтёр Iуэхум зыщегъэужьынымкIэ ресурс центрым и унафэщI **Алексейчик Татьянэ** сымэ.

«Дэ ди мурадщ мы зэхыхьэр къэдгъэсэбэпу социальнэ проектхэр зэхэлъхьэнымкIэ хабзэ нэхъыщхьэхэм щыгъуазэ фытщIыну. Ар куэдкIэ сэбап къыфхуэхъуну си гугъэщ. АтIэми, социальнэ IэнатIэм куэд къызэщIеубыдэ икIи мурадыщIэхэмрэ проектыщIэхэмрэ гъащIэр егъэфIакIуэным хуэунэтIынымкIэ Iэмал мыухыжэр щыIэщ», - жиIащ Мокаев Ашэмэз.

Социальнэ проектхэр тэмэму зэхэлъхьэным теуха семинархэр ирагъэкIуэкIащ Тэтэрстан Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщIым и чэнджэщэгъу **Мутугулинэ Гульфие**, гражданин жылагъуэ Iуэхущ- пIэхэмрэ социальнэ Iуэхуэхэмрэ зегъэужьыным хуэгъэза щIынальэ программэхэмкIэ эксперт **Куэт Жаннэ** сымэ.

Котовэ Жаннэ тепсэлъыхьащ УФ-м и лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ студентхэм яIэ зэфIэкIым. Абы къиГъэлъэгъуащ социальнэ проектхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным хуэунэтIауэ ООН-м зэхилъхьа мурадхэм еэзгъуу, тхьэмыщкIагъэр гъэкIуэдыным, щIыльэм и ресурсхэр хъумэным телажьэу, УФ-м и стратегие зыужьынымгъэм и унэтIыныгъэхэм еэзгъуу щытын зыщхьуейр.

Мутугулинэ Гульфие социальнэ проектхэр зэхэлъхьэным теуха дерс иригъэкIуэкIащ. Семинарым щIэсахэм абы яжриIащ дэтхэнэ проектми и мурадыр, ар зэрагъэзэщIэну зэманыр, апхуэдэу текIуэдэну ресурсхэр зыхуэдизыр нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр.

Семинарым хэтахэм къызэрыхагъэщхьэхуIамкIэ, ди республикэм и дежкIэ иджыпсту зи чэзу Iуэхуэхэм ящыщщ «Экологие», «Уэзнышагъэр хъумэныр», «ФIагъэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр», «ПсэупIэмрэ къалэм и щытыкIэмрэ», «Егъэджэнгъэ», «Демографие», «ЩIэнхабзэ» унэтIынымгъэхэр.

Семинарыр иуха нэужь абы хэтэ псоми сертификатхэр ираташ.

КъБКъУ-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

«Адыгэ псалъэмрэ «Жьынэпсымрэ» зэгуроIуэ

● Лъэпкъ Iуэху

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ЗхьэфIыцIэ Мухьэмэд и деж щыхьэщIащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм къыдагъэкI «Жьынэпс» газетым и лэжьакIуэхэр.

ХЬЭЖБЭВЫКЪУЭ Эрдогъан, Лий Гюл, Хьэжбэвыкъуэ Гъазми сымэ жаIащ газетыр илъэс 15 хьуауэ къызэрыдзекIыр, ар мазэ къэс зэ зэрагъэхьэзырыр, напэкIуэцIи 8 - 24-рэ хъууэ зэрызэхагъэувэр.

- ЩIалэ 15 хуэдиз дызэхыхьауэ ди жэрдэмкIэ къыдэдгъэкIыу аращ мы газетыр, - жиIащ **Хьэжбэвыкъуэ Эрдогъан**. - Къэралыр зыкIи къыддэIэпыкъуркъым, ди щIэджыкIакIуэхэм илъэсым къыдат тедзапIэрэщ къэдгъэсэбэпыр, къищынэмыщIауэ, хэкумкIи Тыркумкlи щыIэ ди адыгэ щIалэхэр мыпхуэкIэ къыщытхэувэ къохъу. Ахэращи зи фIыщIэр мыпхуэдэу дахэу газетыр къызэрыдздгъэкIыфыр.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхигъэщащ «Жьынэпс» газетым и хьыбар куэд щIауэ зэрищIэр, Тыркум зэрыщильгъэуар, Налъыкъ дэс и ныбжьэгъуэхэм къаззрыIэрыкъыхьэр.

Газетыр къыддзыгъэкIэр ХьэфIыцIэм и деж къыщIэкIуам и цIхьэусыгъуэ зэхъыщхьэр зэкъуэш республикэхэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыр номерхэм езыхэри къыхыхьэну зэрыхуейр.

- «Адыгэ псалъэ» (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ), «Черкес хэку» (Къэрэшей-Шэрджэс) газетхэм я номер зэхэтхэр илъэс 30-м щIигъуауэ къыдокI. Абы, зытеуха Iуэхугъуэм елъытауэ, къыщIыхьэщ щыIэщ шапсыгъэхэм, абазэхэм, абхъазхэм къыдагъэкI газетхэри. Ди гуапэщ апхуэдэ гукъыдэж фщIыуэ фыкъызэрыкIуар, жэрдэм фIэмэ, фыкъыддэлэжьэну фи кIаурм фыкъинГъэгъэмэ, дэ дыварэзыщ. И чэзум тхыгъэхэр зэIэпытхрэ, зэрытеддзэным хуэдизхьэзырмэ, гугъуехь хэлъыну си гугъэжьым. Иджыпсту Iэмал хъарзынэхэр щыIэщ, дызэпIэIэщIэми, дызэрыщIэу дызэдэлэжьэнымкIэ, тхыгъэхэмкIэ, сурэтхэмкIэ, гупсысэхэмкIэ дызэхъуэжэнымкIэ. КъыдзкIыгъуэ къэс зы Iуэху гуэрым тыдохуху, мы илъэсыщIэм ирихьлIэу къыдздгъэкIынум итынур, псалъэм папщIэ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуа ди лъэпкъгъуэхэщ, зыпэрыт Iэнатlэм, я зэфIэкIым елъытауэ адыгэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу ди къуэшхэмрэ шыпхъуэхэмрэщ. Фэ абы фыкъыхьыхьэну зэман къэнэжакъым, ауэ 2020 гъэм щегъэжьауэ къэдублэнщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ тхауэ къыгъуеягъэхьыныращ, фэ фызыгъэпIейтейуэ е фызэрыгушхуэу, дэ тфIэгъэщIэгъуэну Тыркум къыщыхъухэмкIэ, дуней псом щихьуа адыгэхэм ятеухуауэ фщIэ хъыбархэмкIэ фыкъыддзгушэну ди гуапэщ. Дэ бзэм, хабзэм, тхыдэм, щэнхабзэм, хэкужьым щыхъыбархэм, иджырей адыгэм и щыIэкIэ-псэукIэм, ди лъэпкъэгъу щэджащэхэм я IуэхущIафэхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэм фыщыдмыгъэщIэну фыкъыдэгъугъэ, - пищащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

Хьэжбэвыкъуэ Эрдогъан дыщIигъуащ адыгэбзэкIэ тхыгъэхэр гъэхьэзырыным, тыркубзэм нэмыщI, къыдэкIыгъуэ къэс адыгэбзэкIи напэкIуэцI зэрыхэтыр, иджы дызытепсэпыхь къыздэкIыгъуэри я щIэджыкIакIуэхэм щIэщыгъуэ зэращыхуэнур.

«Жьынэпсым» къытохуэ, адыгэхэм я мызакъуэу, Тыркум щыпсэу кавказ лъэпкъхэм я хъыбари, абыхэм я бзэкIэ къаIуатэ тхыгъэ щхьэхуэхэри. КъищынэмыщIауэ, зэрыс къэралым къыщыхьу-къыщыщIэхэр тыркубзэкIэ традзэ, хъыбар нэхъыбэр а бзэращ къызэрагъэIуатэр. Нобэкlэ тиражыр мин мэхъу, ар гъэ къакIуэ минитIым нагъэсыну я мурадщ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

● Альпинизм

Нэхъыбэу зэлъытар псэм бгъэдэлъ къабзагъэрщ

Куэдым фыкIэ къащIыхуа бгырыкIуэ Iэзэ Шыбзыхъуэ Казбек щэкIуэгъуэ маззм Европэм щынэхъ лъагэ дыдэу къаIуитэ Iуащхьэмахуэ аргуэру дэкIащ.

А щIалэ хахуэм иджырей и зекIуэр адрейхэм нэхъ къащIыхэгъэщхьэхуIыпхъэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, Казбек Iуащхьэмахуэ и щыгум зэрыдэкIа бжьигъэр 50-м нихусащ. ЕтIуанэрауэ, а гъуэгуанэр абы и япэ егъэджакIуэу щыта Жамбей Лолэ хуигъэфэщащ.

Гу зэпыкIапхъэр аращи, Шыбзыхъуэ Казбек 2015 гъэм, и дэкIуеигъуэхэм ящыщ зым, Iуащхьэжьым и щыгу дыдэм деж щыблэ къыщIеуауэ щытащ. А Iуэхугъуэр абы дапхуэдэу къытемыхьэлъами, ар къэдзыхакъым, уеблэмэ бгыжь уардэм и щыгум щыблэ къызэрыщIылъэIэсар нэщэнэфIу къилъытат. Икли, а и егупсысыкIэр сэбэпышхуэ къыхухэхъуами ярейуэ, альпинист хахуэм псынщIэ дыдэу зыкъиужьыжауэ щытащ. Ауэрэ, и 50-нэ дзкIуеигъуэри, зэрынэрылъагъущи, зригъэхъулIащ...

Шыбзыхъуэ Казбек Къэхъун куэажэм къыщалъхуащ. КъызэрыхигъэщыжмкIи, ипщэ лъэныкъуэмкIэ зыкъыщыIэзэныхъуэзых къурш щытх екIуэкIым и цIыкIугъуэм къыщыщIэдзауэ, и нэхэр ятеплъызапэми ярейуэ, ехъуапсэу еплъ зэпытт. Журналистхэм зэгуэр абы къажриIауэ зэрыщытащи, Iуащхьэмахуэ хуэдэу уардэ бгыжьхэм удэкIыфрынир зэлъытар уи Iэпкълъэпкъым бгъэдэлъ и зэфIэкIым и закъуэкъым, атIэ нэхъыбэу уи псэм къыщыплъыхъуэж къабзагъэрщ, дахагъэрщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ГъэщIэгъуэнщ

Мазэр щымыIатэмэ

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, ЩIы Хъурейр къызэригъэщI льандэрэ дэкIа лъэхъэнэ кIыхьыр сыхьэт 24-рэ фIэкIа мыхъу жэщ-махуэу къызыщыдгъэхъумэ, хьэршым къыщыддэщIыгъу Мазэр дакъикьипщI дэкIа иужькIэщ къыщыунэхуар – араща а тIум я зэхуакум ныбжьу дэлъыр.

МАЗЭР ди планетэм ауэ сытми къыдзгъэзгурыкIуэ мывэ скъар абрагъуэу аракъым. Еджагъэшхуэхэм къызэрахутамкIэ, ар димыгъусатэмэ, дыщыпсэу ЩIым мы зэманым иIэнур нэгъуэщI теплъэт, уеблэмэ, гъащIэ къыщымыунэхуэхэнри хэлът.

Физикэ щIэныгъэм къызэрыгъэувыкIэ, хьэршым ит вагъуэ (ди Дыгъэри яхэту) нэхъ ин дыдэхэм я деж къыщыщIэдзауэ, планетэхэм, абыхэм къедза спутникхэм, метеориттхэм, мывэ тыкъырхэм я деж щиухыжу, гравитационнэ губгъуэм къигъэщI малъхъэдис къарухэм япкъ иткIэ, зым адрейр зыщIешэ, ауэ щыхъукIэ ахэр псори зыгуэркIэ зэпхащ икIи зэпыщIащ.

Апхуэдэу, ди планетэм и кIуэцIым ит магмэр Мазэм зэхуэмыдзу зэрызыщIишэм (и зы Iыхьэр нэхъ пэгъунэгъуэ, адрейр нэхъ пэжыжьэу зэрыщытым къыхэкIыу) и щхьэусыгъуэкIэ, абы зэпымыууэ щIы щIагъэм зыщигъэзащ икIи, зэрызыщигъэхъейм и фIыщIэкIэ, ар хуабэрэ ткIуаткIуэу лъэхъэнэ кIыхьым кIрыубдзэу зыкъэзтенащ. Арагъэнущ ЩIы Хъурейм къыщынэхуа гъащIэм зыщIиужьынымкIи, лъабжьэ щищIынымкIи шэсыпIэ нэхъыщхьэу къэувар.

Адэкlэ. Мазэр уэгум имытыхамэ, ди планетэм жэщхэр, иджыпсту зэрыщытым емыщхьу, куэдкIэ нэхъ кIыфIу щыщытынут. Дауи, ар къэхъуатэмэ, ЩIы Хъурейм тет псэущхьэ псоми (дэрэ дахэту) ди нэхэм, нындым хуэдэу дызыкIуэцIрымыплъыф жэщым зыгуэрхэр щытгъагъун хуэдэу, хуабжьу заужьынут. Хэт ищIэрэ, абы щыгъуэ электроуэздыгъэр къамыгупсысынкIи хъунт.

ЩIы Хъурейм къыщхьащт къэщIыгъэ абрагъуэм дунейпсо хымэ псыри пIэм къызэрыриШым, зэрызэригъакIуэм къыдэкIуэу, езы планетэм и зыгъэджэрэзыкIэмми (и джэлэсым и хъуреягъкIэ) тIэкIу-тIэкIуурэ кIэрегъэху (илъэсищэм къриубыдэу зы микросекундзкIэ). Абы къикIыр аращи (щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ), Мазэр димыIатэмэ, жэщ-махуэм сыхьэти 8 фIэкIа и кIыхьагъынутэкъым, илъэсыр махуэ 1000 хъунут.

Апхуэдизэ псынщIагъэ зиIэу и джэлэсым екIэрэхъуэкI ЩIы Хъурейм и щхьэфэм, фIэкIыпIэнщэрэ зэпымыууэ, жьапщэшхуэхэр къыщыхъеинут, хыр къыщыкъуфбеинут. КъызэрыбгурыIуэ хъунумкIи, ди планетэм мы зэманым тепсэукI псэущхьэхэм я нэхъыбапIэм ар яхуэхьынутэкъым, ауэ щыхъужи ахэр къыщымыунэхуэхэнкIи хъунт.

БЭРАУ Бышэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Жьыщхьэ махуэ Щоджэн Iэмирэт

«Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэ хъунущ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А лъэпкъ Iущыгъэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ, лъабжьэ быдэ щигъуэтащ ди деж икIи гулъытэрэ гуапагъэрэ зыпылъ а Iуэхугъуэр зэрагъэзэщIэным куэд хущIокъу. Абы и щапхъэщ Исльэмей щыпсэу Щоджэн Iэмирэт Лъостэн и пхъум къыщалъхуа махуэр иджыблагъэ зэрыхуагъэлъэпIар.

ИЛЪЭС 90 къэзыгъэщIа нанэ Iумахуэр езыр бынунагъуэшхуэм къыщалъхуащ. И шыпхъу нэхъыжьхэми хуэдэу, Iэмирэт анэм дэIэпыкъуащ унагъуэ Iуэхуэхэмкlи сабий нэхъыщIэхэр пIынымкIи. Иджыри ныбжьыщIэ цIыкIуу ар пэрыхьащ гуащIэдэкI лэжьыгъэм икIи жылэм щызэхэт хозяйствэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ зэпыт зэманым, Iэубэ хуэдэ сабий минхэм ящыщыгъуу, ари щыгтIэжм хэтащ, лъэкIымкIэ фронтым зыщIигъэкIуащ.

БалигъыпIэ иувэу унагъуэ ихьа нэужь, анэ бынифIэ хъуащ Щоджэн Iэмирэт. Абыра и щхьэгъусэмрэ къащIэхъуащ хъыджэбзитIрэ щIалипIрэ. Анэ гумащIэр, анэшхуэ Iэфыр, нанэшхуэ щабэр нобэ ягъэгуфIэ икIи ягъэгушхуэ и бынхэм, и къуэрылъху-пхъурылъхуу 11-м, абыхэм къащIэхъуэжа щIэблэу сабий 24-м.

Унагъуэм я гуфIэгъуэр даIыгъыну, нэхъыжь Iумахуэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуну Щоджэнхэ яхуэкIуащ Бахъсэн щIынальэм и администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Къэзан Зауррэ жылэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Чыпl Владимиррэ. ЩIынальэ администрацэм и пресс-Iэнатlэм и пашэ Чылар Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, абыхэм Iэмирэт ираты жащ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ къыхуагъэхьа хъуэхъу тхыльхэр, езыхэри ехъуэхъуащ нэхъыжьыфIым узынщагъэ быдэ иIэу иджыри куэдрэ псэуну.

Къаралым, республикэм я унафэщIхэм къыхуагъэхьа хъуэхъу тхыльхэр япэрей гулъытэкъым Щоджэн Iэмирэт и дежкIэ. Ипэкlэ абы къратащ «Анагъэм и медаль», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зэрылажьэм папщIэ», «Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьам папщIэ» къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, фIыщIэ тхылъхэр. Нэхъыжьыфым дэрэ дохъуэхъу бын гукъеуэ имыльагъуу, и щIэблэм я гулъытэ щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ и унагъуэм ящхьэщытыну.

ЖЫлАСЭ Маритэ.

● Шахмат

Дерс къыхахыну пIэрэ?

Кавказ Ищхъэрэм классикэ шахмат джэгуэмкIэ пашэ щыхъуныкIэ зэпеуэ Ингуш Республикэм щекIуэкIащ.

МАХУИПЩI зэкIэлъыкIуэкIэ зэхэта мы Iуэхум я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ спортсмен ныбжьыщIэу 170-м. Я ныбжь елъытауэ гупихыу гуэшауэ екIуэкIа зэпеуэхэм (илъэси 8-рэ я къыщыщIэдзауэ 19-м нэсыху) щхьэзакъуэ увыпIэу 3 щыIамэ, гуп джэгуэм текIуэныгъэр зэрыхуагъэфэщащ абы къыщхьэщыкI мардэ щхьэхуэм тетущ: бжьыпэр зыпубыдащ командэр щIыху щхьэхуэхэм къахьа призхэм я бжьыгъэм елъытауэ къыхахащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и шахматист ныбжьыщIэхэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуауэ пхужьIэнукъым. Абыхэм увыпIищым языхэзи къахэхьакъым. Дыщыгугъынщ, Илъэсыщ1э нэужьым къыкIэлъыкIуэну зэхьэзэхуэхэм фIы къахудэкIуэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Нартхэм я фIыгъуэр» фIащауэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ ирагъэкIуэкI фестивальзэпеуэм евразие къэралыгъуэ зыбжани къызэщIиубыдащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжыщи, дунейм и планэпэ куэдым нэса, лъэпкъхэр зэпхъэщIэ щэнхабзэ Iуэхур пхагъэкI Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтымрэ ди лъахэгъу, сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондымрэ, Урысейм и Сурэтыщ1эхэм я зэгуэхэныгъэр, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэр, Мэзкуу и Правительствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр, Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратыр я щIэгъэкъуэну.

«Нартхэм я фIыгъуэр» мы зэм щагъэлъэгъуащ Ипщэ дзэ округым и 58-нэ дзэм и мотострелковэ гупхэм я хэщIапIэу Мэздэгу (Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэ) щыIэм. Нартхэм я фIыгъуэм дыщIагъуащ «Москва-Дамаск. Дети России за мир в Сирии» Iуэхум теухуауэ сабийхэм ящIа сурэтхэри, Гъуаздджэхэмкlэ европей академием и академик, КъБР-м и щIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэчэ Урысейм и Сурэтыщ1эхэм я зэгуэхэныгъэм и Мэзкуу къудамэм хэт, УФ-м и Правительствэм щэнхабзэмкlэ и саугъэтым и лауреат ТIажь Альбинэрэ я Iэдакъэщ1экIэр.

- «Москва - Дамаск» арт-марафоным и щIэгъэкъуэнщ Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэр. Налшыкрэ Мэздэгурэ я сабий-художественнэ школхэм, Кавказ Ищхъэрэм и суворовскэ дзэ еджапIэм я гъэсэнхэм я графикэ лэжьыгъэ зыбжанэ тыгъэ хуэтщIащ министерствэм и дзэ госпиталым», - жиIащ «Нартхэм я фIыгъуэр» дунейпсо арт-проектым и унафэщI, УФ-м и Правительствэм щэнхабзэмкlэ и саугъэтым и лауреат **ТIажь Борис**.

Мэзкуу и курыт еджапIэ №630-м щэкIуэгъуэ маззм щагъэлъэгъуащ нарт хьабархэм тращIыкIа сурэтхэр. ТIажь Борис зэрыжиIащи, ар щIащIэм гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъыр лъэпкъхэм я щэнхабзэр егъэщIыхунымрэ щIэблэм ныбжьэгъугъэр гуапагъэрэ яку дэлъынымрэщ. - Си классым щоджэ лъэпкъ 11-м ящыщхэр. Сабийхэм таурыхъэр фIыуэ яIатгъури, нэгъуэщI лъэпкъхэм ейхэм щыдгъэгъуэзэну мурад тщIащ икIи къыхэтхащ адыгэ таурыхъэр. Дэ куэд дохъу икIи дызэщыкъым, ар ди къулеигъэщ, дызэкъутмэ, дылъэщщ, - жиIащ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ **Незаметдиновэ Маринэ**.

ТхьэмахуэпсоМ къриубыдэу школакIуэхэр къеджащ лъэпкъ таурыхъэхэм, абыхэм ятеухуа сурэтхэр ящIащ, зыщагъэгъуэзащ лъэпкъхэм къадекIуэкI щэнхабзэхэм. Ахэр ельащ режиссёр Давыдов Роман ищIа «Сын камня», «Сын камня и великан» мультфильмхэм («Союзмультфильм» киностудие). Кузьмин Валентин и «Нартхэм я фIыгъуэр» тхылIыр щIаджыкIа нэужь, цIыкIухэм лIыхъужьхэм и сурэтхэр ящIащ. Абыхэм я Iэдакъэщ1экIхэр школым щагъэлъэгъуащ икIи ахэр «Нартхэм я фIыгъуэр» XI дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивальм и етIуанэ Iыхьэм хагъэхьэнущ. НэхъыфIэхэр къыхэхьэну жюрим и унафэщIщ **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**.

Школакlуэхэм яхуэзащ ТIажь Борис. Ар яхутепсэлъыхьащ фестиваль-зэпеуэр къызэрежьам, абы къикIуа гъэзугъэм икIи цIыкIуэр къыхуриджащ адэжкI а зэпеуэм хэтыну. Абы школым и библиотекэм тыгъэ хуищIащ «Сокровище нартов» тхылIитI, мы арт-проектым ипкъ иткIэ ЛъэпкъхэмI я унэм и типографием щагъэхьэзыра буклетхэр, альбомхэмрэ каталогхэмрэ.

- Лъэпкъ куэд щыпсэу Урысейм и къэкIуэнур зэлъыта щIэлбэр дгъэсэн, хуэдэущиин хуейщ фIым, зэнэбжьэгъуэгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ, нэхъыщхьэращи, ди къэралым и зыужьныныгъэм хуэпабгъэу дэтхэнэми езым и лъагъуэ хишыным, - жеIэ Незаметдиновэм.

УАРДЭ Жантинэ.

Бгъэжьнокъуэ Заурбэчэрэ ТIажь Борисрэ мэздэгу сурэтыщI ныбжьыщIэхэм ядолажьэ.

● Гъуаздджэ

«Нартхэм я фIыгъуэр»

ЦІыхум и хуитыныгъэхэм пщІэшхуэ яхуэщІыпхъэщ

ЦІыхум и Хуитыныгъэхэмкіэ дунейпсо махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и школхэм дерс зэгуэт щезыгъэкІуэкІынухэмрэ абыхэм хэтынухэмрэ папщІэ

Зумакулов Борис

Къумыкъу Іэуес

**«Урысейм и дежкІэ демократием нэмыщІ нэгъуэщІ политикэ гъэгу щыІэкъым, щыІэнкІи хъунукъым... Илъэс хьэлъэхэм Урысейм и ЦІыхубзм я тегушхуэныгъэмрэ бэшэчагъымкІэ гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэр къызэранэкІын, граждан, социальэ, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэм хуэкІуэн, демократием, цІыхум и хуитыныгъэхэм пщІэ яхуэщІыным, законыр нэхъыщхьэу щытыным къыгуэхьпІэ имыІэу пыщІа зыужьныныгъэ гъэзэгуанэм тевэан яхуэзфІэкІаш. Апхуэдэ фІыгъуэхэр ди дежкІэ псом нэхърэ нэхъыщхьэщ... Дэ дяпэкІи Кавказым цІыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къыщыІэзэпыщыдхэм тКІийуэ дапэщІэтынуэ, абыкІэ къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэр жэуапым етшэлІэнуэ».

Путин В. В.

ЦІыхум и хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэр

Псори хьэзэщІэзыубыдэ хуитыныгъэхэр: лъэпкъхэм езыхэм я псэукІэнрэ кьыхэныжыкІэ хуитыныгъэр; кьыхэжыкІэ расэм, лъэпкъым, зэрыпсалъэ бзэм, зэрахьэ диным, я политикэ, кьинэмыщІ зэхэщІыкІхэм, ябгъэдэлъ мылькур зыхуэдизымрэ я социальнэ щытыкІэмрэ емыльытагъэ, цІыхухэр я хуитыныгъэкІэ зэхуэгъэдэнымр.

Политикэ (граждан) хуитыныгъэхэр. Политикэ хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хеубыдэ цІыхум политикэ и лъэныкъкъэ и сэбэп зыхэлъхэм ябгъэдэлъ хуитыныгъэхэр. Политикэ хуитыныгъэхэм цІыхум Іэмал кьрат политикэ гъащІэм хэтыну, кьэрал властыр зегъэкІуэным екъэлІа лэжьыгъэ ирогъэкІуэныну. Апхуэдэ хуитыныгъэхэм ящыщІ: кьэрал Іэхуэхэр зегъэкІуэныр, зыхигъэхьынуикІи езым хихыну Іэмал иІэнымкІэ цІыхум и хуитынигъэр, и гупсысэхэр зэІухауэ кьИуэтэнымкІэ, зэхьихэ мамырхэм хэтынымкІэ хуитыныгъэр.

Социально-экономикэ хуитыныгъэхэр: лэжьэнымкІэ, зигъэпсэхуэнымкІэ, захуагъэ зыпылъ лэжьапщІэ кьратынымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэм щыхьІэ тэмэм щыІэнымкІэ, профсоюзхэр кьызэрэпэщынымкІэ икІи абыхэм хэтынымкІэ, сокиальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ цІыхум и хуитынигъэхэр, еджэнымкІэ хуитынигъэр. ЦІыхум езым и щхьэм екъэлІа хуитынигъэхэм ящыщІ псэунымкІэ хуитынитъэр, щхьэхуиту щыІэныгъэр, зыльмигъэныну икІи езым хихыну Іэмал иІэнымкІэ цІыхум и хуитынигъэр, и гупсысэхэр зэІухауэ кьИуэтэнымкІэ, зэхьихэ мамырхэм хэтынымкІэ хуитыныгъэр.

Социально-экономикэ хуитыныгъэхэр: лэжьэнымкІэ, зигъэпсэхуэнымкІэ, захуагъэ зыпылъ лэжьапщІэ кьратынымкІэ, лэжьапІэ ІэнатІэм щыхьІэ тэмэм щыІэнымкІэ, профсоюзхэр кьызэрэпэщынымкІэ икІи абыхэм хэтынымкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ цІыхум и хуитынигъэхэр, еджэнымкІэ хуитынигъэр. ЦІыхум езым и щхьэм екъэлІа хуитынигъэхэм ящыщІ псэунымкІэ хуитынитъэр, щхьэхуиту щыІэныгъэр, зальмигъэныну цІыхум кІэхуитынигъэр, зальмигъэныну цІыхум кІэлъыпІэзрахьэну зэрыхуимытыр, абы и псэунІэм теуэну, нэгъуэщІхэм яхуитхэр хэІуэщІыну ящыну зыри зэрыхуимытыр, езыр зыхуэфи кІуэнымкІэ, и псэунІэр езым зэрыхьэфІкъыхихьнымкІэ хуитынигъэр.

Урысей Федерацэм и цІыхум и хуитынигъэ нэхъыщхьэхэр УФ-м и Конституцэм щыщІэгъэбыдащ.

«Дэтхэнэми псэуну хуитынигъэ иІэщ».

«Урысей Федерацэм и ЦІыхум, гражданиным и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ хьумэнымкІэ кьралыр щэсыпІэщ».

«Дэтхэнэ зы цІыхуми лэжьэну, лэжьапІэр езым зэрыхуейуэ кьыхихьну, лэжьапІэ ІэнатІэм захуагъэмрэ тэмэмыгъэрэ кьыщыхуэзэрагъэпэщыну, лэжьапІэншагъэм щахъумэну хуитынигъэ иІэщ».

«Зэхэгъэж лъэпкъ щымыІэу, дэтхэнэ зы цІыхуми зэфІигъэкІа лэжьыгъэм пэжІуэ лэжьапщІэр кьратыну хуитынигъэ иІэщ».

«ЦІыхухэмрэ абыхэм я зэгухэпыгъэхэмрэ хуитщ уней мылъкуу щы яІэну».

«Дэтхэнэ зы цІыхуми узынщагъэр зыужьмэнымрэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ хуитынигъэ иІэщ. Узэншагъэр хьумэнымкІэ кьэрал, муниципальнэ Іэхуэщ щІапІэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ цІыхухэм пщІэнэжу ират бюджет ахъшэм, страховой вносхэр, кьинэмыщІу кьыхах ахъшэм и хьэжкІэ».

«Езым и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ судым ихьымэнымкІэ дэтхэнэми шэсыпІэхэр кьыхьэзрагъэпэщ».

«Кьэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, кьупльыкъуІэхэм я унафэхэм, абыхэм ирагъэкІэжІ лэжьыгъэм (зыхуэфащэ лэжьыгъэ зэрырамыгъэкІэжІым) теухуауэ судым щытхъэсыюх хьунущ».

«И ныбжьыр зэрыхэкІуэтам, сымаджэ, жылагъуэдкъэзэгъэрыхуэм, кьупльыкъэм зэриныІэжым, сабийхэр ипІын зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми деж законкІэ ягъэува социальнэ дэІэпыкъуныгъэ кьратынымкІэ дэтхэнэми зысэпІэ иІэщ».

ЦІыхум и хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ лэжьыгъэ зэрызэтеувар икІи абы зэрызиужьар

ЦІыху зэхэтыкІэхэр зэтеувэу зэрыхуэжьэгъэ гупым и Іэтащхьэм, пщым, пащтыхьым, кьинэмыщІ унафэщІым и зальмыгъэм пэщІувэным мыхьэнэшхуэ иІэу кьоклуэкІ. Ауэ абы и лъэныкъуэкІэ хабзэ пыухыкІаэхэр зэІухауэ щагъэувауэ щытар XIII лІэщІыгъуэрщ. ЦІыхубзм я текъуэзныгъэкІэ Инджжильзым и пащтыхь Иоанн кьыдигъэкІауэ щытащ «ЦІыхэхуитынигъэхэм я партие иныр». Абдеж щыщІидзащ цІыхум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ зэтегъэувэным хуэунэтІа гъэзэгуанэр. Адэкіэ лІыгъажэрэ хэщІынигъэу куэд зыхэлъа бэнэныгъэр лІэщІыгъэкІэ екІуэкІащ.

ЦІыхум, гражданиным и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ зегъэужьным хуэунэтІауэ щытащ 1776 гъэм Америкэм кьыщащта «Зыми ІэщІэмыльынымкІэ декларацэр». Адэкіэ США-м и Конституцэм зегъэужьным хуэунэтІауэ 1787 гъэм «Хуитынигъэхэмкіэ билль» жьыхуаІэ документыр кьащтащ. Ауэ цІыхум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ яплъыщ Іуэхуэхэр нэхъ зэгъэуІуауэ икІи уэзыхуауэ кьыхэщащ Франциэм 1789 гъэм кьыщащта «ЦІыхум, гражданиум и хуитынигъэхэмкіэ декларацэм». Абы Іупщу щыгъэуващ цІыхум и хуитынигъэхэм я лъабжьэр.

ЕтІуанэ дунейпсо зауэм иужькІэ дунейр адэкІэ зытеувэну гъэзэгуанэм, зауэхэр кьэмыгъэхъуныпэ лъэпкъхэр мамырыгъэ зыужьныгъэм, зэгурыІуэныгъэм хуэунэтІыным кууэ егупсысын хуей хьуащ икІи фашизмэм текІуа кьэрал инхэм я унафэщІхэр зэгурыІуащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Организацэ кьызэрагъэпэщыну. Кьэрзэлъэгъуапхъэщ 1945 гъэм ООН-м и уставыр кьызэращтар икІи цІыхум и хуитынигъэхэр хьумэныр а организацэм и пэжыгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэу кьызэралъытар. 1948 гъэм ООН-м «ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ псоми яхуэгъэза декларацэр» кьищтащ. Европэм и кьэралхэм 1950 гъэм кьащтащ «ЦІыхум и хуитынигъэхэмрэ гражданиным и щхьэхуитынигъэ нэхъыщхьэхэмрэ хьумэнымкІэ и Іуэхуэкіэ» Европэм и Конвенцэр.

Урысейм и гугъу пщІымэ, ямэ дыдэу цІыхум и хуитынигъэхэм нэхъ пыухыкІауэ гу щыІэтар 1785 гъэрщ. Абы щыгъуэ Екатеринэ Инэм хэІуцІыІу ищІауэ щытащ «Дворян хэгъэфІыкІаэхэм я хуитынигъэхэр, щхьэхуитынигъэхэр, еФІэкІынигъэхэр» грамотэр. Ауэ Урысей империем и цІыхухэм я хуитынигъэхэр нэсу кьыщыгъэпэгъэуа документу ар щыткъым, сыту жьыпІэмэ, мэкъумэшыщІэхэр а зэманым хуит кьэхъуатэкъым, суд реформэр екІуэкІатэкъым.

1917 гъэм Октябрьскэ революцэр текІуа нэужь, РСФСР-м, СССР-м я Конституцэхэм цІыхухэм я хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ Іупщу иратхащ икІи абыхэм текІыну зыми хуитынигъэ зэримыІэр щІагъэбыдащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхэунщи, кьэрал хуэунигъэм хиубыдэу апхуэдэ псалъэ тэмэмхэр кьыщыІэпауд, цІыхухэм лей щрах кьэхъуащ. Арщхьэкіэ, ди кьэралым и зыужьныныгъэм хуэунэтІауэ кьыІэзринэкІа илъэс блыщ гъэзугаиэр псори мыхъумыщІэу щытауэ, цІыхум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынитынигъэхэмрэ дэкъуэзауэ зэпымыууэ екІуэкІауэ жьыпІэнэр щыуагъэ хъунт.

Демократие зэхъуэкІынигъэхэр щрагъэкІуэкІ лъэхъэнэм щхьэралим цІыхубзми я гупльэтэр зэпымыууэ хуэунэтІауэ. ЦІыхум, гражданиум и хуитынигъэхэр хьумэным. Урысей Федерацэм и Конституцэм щыщІагъэбыдащ хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ зыми цІыхум кьыІэзтримыхьфынур, ахэр цІыхум кьыІэзрадальэр икІи фІыгъуэ хэхьыщІэ дыдэу зэрыщытыр. ЦІыхум, гражданиум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ кьэлъытэныр, абыхэм тетынынр икІи ахэр хьумэныр кьэралым и къалэнщ.

Урысейм дунейпсо акт зэмылІэужьыгъуэхэр кьиультащ икІи цІыхум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ кьызэрэпэщынымкІэ дунейпсо мардэхэр зэригъэзэщІынын хущІэкъуу хуэжьащ. Урысей Федерацэм 1991 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м кьыщащтащ ЦІыхум, гражданиум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ я декларацэр. Дунейпсо хабзэхэм я мардэхэм япкъ иткІэ кьэралым и документ куэдым щІагъэбыдэ цІыхум и хуитынигъэхэр Урысей Федерацэм кьызэрыщалъытэр икІи ахэр властым законхэр кьыдэзыгъэкІ и органхэм, гъэзэщІакІуэ органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и хуитынигъэ.

Абы икъуэкІ мыхьэнэшхуэ иІэу кьэлъпІытэ хъунущ, сыту жьыпІэмэ, Урысейм иджыри ныкъуэныгъэ куэд ущрохьэлІэ, правовой Іэхуэхэм ятеуэгуащ. Къэзэлъэгуапхъэщ цІыхум, гражданиум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ къащхьэщыжьынымкІэ Урысей къэралыгъуэм политикэ, граждан Іэхуэщ Іапіэхэм адэкІи зегъэужьыным, цІыхухэм я социально-экономикэ псэуныгъэ егъэфІакъыпхъэ яплъыщ лэжьыгъэхэм хиубыдэу зэрыщрагъэкІуэкІыр. Путин В. В. зэрыжиІащи, «Кьэрал ину, щыпсэу цІыхухэр зэрыгушхуэ, гъунэгъуэхэм пщІэ зыхуащІ кьэралу, цІыхум и пщІэмрэ хуитынигъэхэмрэ кьыщІэльыр кьэралу Урысейр зэрыщытыр наІуэ кьэтщІыну Іэмал щыдгъуэта зэманыр кьэсащ».

Бгырысхэм кьадекІуэкІ хабзэхэмрэ цІыхум и хуитынигъэхэмрэ

Граждан жылагъуэм зегъэужьным, цІыхум и хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ хьумэнымкІэ дунейпсо, урысейпсо Іэмалхэм кьадэкІуэу, республикэм жыджэру щІэгъэкъуэн кьыщащІ бгырысхэм ижьжьыжьыж лъандэрэ кьадекІуэкІ хабзэхэр.

Кавказыр джынымкІэ ІэщІагъэлІ цІэрыІуэ, профессор Мусукаев А. И. зэритхымкІэ, «жылагъуэ хабзэхэм куэдкІэ ельытауэ щытащ социально-экономикэ зэхэщатыкІэхэр, унагъуэ гъащІэр, лэжьэкІэмрэ псэукІэмрэ, цІыхухэм я философие, дин зэхэщІыкІыр. БлэкІа зэманым хъыщжьа апхуэдэ хабзэхэр тхыдэ Іуэхуэхэм ятыщІа мэхъу икІи ахэр щІэзэпкърыхкІэ кьыбгроІуэ ди зыужьныныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр».

ПыухыкІауэ жьыпІэ хъунущ демократием и хабзэхэр зи лъабжьэ правовой къэралыгъэм лъэпкъ куэд зэрыс икІи дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызэрахьэ Урысей Федерацэм и щыналъэ гъунапкъэншэхэм щызэтебгъэувэн папщІэ лъэпкъхэм лІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ кьадекІуэкІ хабзэхэр кьэпльытэн зэрыхуейр. Адыгэхэрэ балъкъэрхэмрэ я псэукІэм зэрызэхъуэжьым кьэщІэн папщІэ лъэпкъхэм я гугъэхэпІэ имыІэу епхащ социально-экономикэ зэхэщатыкІэхэм, хабзэ мардэхэм, цІыхухэм я зэхэщІыкІхэмрэ я пльапІэхэмрэ я зыужьныныгъэм. Дыхэрыт пъэхъэнэм къэльытапхъэщ ди пъэпкъхэм я жылагъуэ-политикэ гъащІэр абыхэм лІэщІыгъуэ Іэджж лъандэрэ кьадекІуэкІ хабзэхэм зэрапыщІар.

Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэр лІэщІыгъуэ куэдкІэ тхьылъымІэм тет конституцэкІэ, закон кодексэхэр ямылъэу кьыдэлъэкІми, а лъэпкъхэм е жылагъуэ пыухыкІаэхэм папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр Хасэм, Терем кьыщащтэр.

Нэгумэ Шорэ зэритхымкІэ, «зекІуэ зэрежьэнэ псоми зэгъусэу унафэ тращІыкІ икІи дзэпщхэр хахьыр». Терем щыхьэпІэрт кьэрал, уголовнэ, граждан Іуэху нэхъыщхьэхэм: кьуаншагъэ зезыхьаэм яхуэфащэ тезырхэр щытралъхьэрт, хабзэщІэхэр кьекІуэкІ ГъащІэм хэтъыжьымкІэ унафэхэр кьыщащтэрт.

Бгырысхэм я хабзэхэм икІи иткІэ щыІэм, узэркъым, таубийм куэд хуагъэгъуэрт, куэдкІи худачьыкрт, ауэ ахэри хуиттэкъым зэкъуэшыщІэхэм ящыщ ваПІэрэ мэкъупІэрэ ямыІэу къэгъэнэну. Ар ди цІыхухэм я гъым иджыри хэлъщ. Аращ щІыр зэращъм, кьызэращъхум, ясынныкъуэхэм хабзэм кьемызэгъыу зэрызрагъэфаІэм зэныкъуэкъу куэд кьыщІикІыр, абыхэм ятеуэуа тхьэусыхафэхэр кьуажьдэсхэм Правительствэм и цІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм щыІэмэ кьыщІыхьэрт.

КъэгъэлъэгуапхъэщІ цІыхухэм я зэхэтыкІэр гъэбдзэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэу щыта нэгъуэщІ Іэмал куэди. Зэман пыухыкІаэхэм кьаруушхуэ яІэу екІуэкІащ хеймрэ мысымрэ щыІэзэгъэкІ мэхъчэмэ судхэм. Апхуэдэу, ди лъэпкъхэм кьадекІуэкІа хабзэхэм ящыщ пщІэхэкІэ, тхъэрыІуэр, гъуэщІхэри. Нэхъыжьхэр зэхьхьэрэ зэчадэ ящІамэ, абы зэи зыри текІынутэкъым. ТхъэрыІуэми а зэманым пщІэшхуэ иІэт икІи цІыхухэм зи тхъэрыІуэм епцІыжар лІа полъэтэу ябжьырт.

Ди жагъуэ зэрыжьхущи, иужьрей лъэхъэнэм, псом хуэмыдэу рыиокъым дыхуэхІэну дызэрызэрехьэжьэрэ, бгырысхэм ящыщ куэдым захъэжащ, ди гъащІэми лъэпкъэр зыгъэпщ хабзэ мызымыщІэкІэ кьыхьэкІэу хуежьащ. Иджы зыми игъэщІагъуэркъым хьІфІадзэжа адэ-анэхэмрэ зеиншэу кьэна сабийхэмрэ зэрыщыІэр. ЯзынныкъуэкІэ зыхэпсэукІын ямыІэжу кьэнащ, езыхэм я Іыхьлъхэм, гъунэгъуэхэм я яІуэрэ кьыхьэуежьащ. Иджы зыми игъэщІагъуэркъым хьІфІадзэжа адэ-анэхэмрэ зеиншэу кьэна сабийхэмрэ зэрыщыІэр. ЯзынныкъуэкІэ зыхэпсэукІын ямыІэжу кьэнащ, езыхэм я Іыхьлъхэм, гъунэгъуэхэм я яІуэрэ кьыхьэуежьащ. Ауэ ар мылъкур зэрыІэщІагъэкІам кьыхьэкІыу. Апэхэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ факъырэ, шхын кьэзыІылъэхэ зыгъэтакъым, ар бынхэм, жылагъуэм я дежкІэ напэтехт.

Демократием и лъэхъэнэм цІыхухэм я хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ лэжьыгъэр

Граждан жылагъуэ зэтеГъэувэным хуэунэтІа лэжьыгъэ уб зыхуэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрауэрауэ жьпІэ хъунущ. Кьапщтэмэ, нобэрей ди гъащІэм жьыджэру хэтщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэр, ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр, Сабийм и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэр, ХьэрычтыщІэхэм я хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр, ЦІыхухэм я хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ жылагъуэ центрыр, ягъэтІысхэм я хуитынигъэхэр кьызэрэзэрагъэпэщыным кІэлъыпІэ жылагъуэ комиссэхэр, нэгъуэщІхэри. ЦІыхухэм я хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, дин Іуэхуэ ІапІэхэм.

ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэу ухежьащ 2007 гъэм.

Абы республикэм щыІэ кьэрал, жылагъуэ Іуэхуэ ІапІэхэм я деж ущыпІэ нэрыльагъу щебыдэ. ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэр республикэм и Іэтащхьэм, Правительствэм я деж щыІэ коллегиальнэ чэнджащэгъу органхэм я нэхъыбапІэм хэтщ, Парламентым и зэІуІэхэм зэпымыууэ щІэсщ. А псоми кьыщымынэу, Уполномоченнэм хуитынигъэ ираташ законкэр кьэщтэнымкІэ жэрдэмэр кьыхилъхьэну, апхуэдэу Парламентыр хэпльэн ипэкІэ зэконопроектыр кьызэрыщыхъуар итхын папщІэ зыкъуэгъахьэм ар ящыщщ. Уполномоченнэм гъэкъэ игъэхьэзыр докладым республикэм и Іэтащхьэмрэ Парламентымрэ хопльэ.

Лэжьэн зэрыщІидзэрэ блэкІа илъэс 12-м кьриубыдэу я хуитынигъэхэр кьызэрэзэпэуадым теухуауэ Уполномоченнэм ЦІыху мин 11-м щІигъу кьыхуэтхьэусыхащ. А тхьэусыхафэхэр нэхъыбэу зытеухуар следствием и органхэм я лэжьэкІэщ, суд унафэхэр мытэмэну кьызэралъытэрщ, судым кьыщта унафэхэр зэрамытэкІэщІ, комму нальнэ Іэхуэтхьэбзэхэм, газым, электрокъарум я уасэхэм зэрыхэхъуэрщ, лэжьапщІэр зэрымащІэрщ, ар и зэманым зэрамытырщ, я Іэщ ІагъэмкІэ лэжьапІэ зэрамыгъэтырщ, ещІэжьащІэм зэрыщыІагъэр хабзэхэм зэрапыщІар.

Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэр лІэщІыгъуэ куэдкІэ тхьылъымІэм тет конституцэкІэ, закон кодексэхэр ямылъэу кьыдэлъэкІми, а лъэпкъхэм е жылагъуэ пыухыкІаэхэм папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр Хасэм, Терем кьыщащтэр.

Нэгумэ Шорэ зэритхымкІэ, «зекІуэ зэрежьэнэ псоми зэгъусэу унафэ тращІыкІ икІи дзэпщхэр хахьыр». Терем щыхьэпІэрт кьэрал, уголовнэ, граждан Іуэху нэхъыщхьэхэм: кьуаншагъэ зезыхьаэм яхуэфащэ тезырхэр щытралъхьэрт, хабзэщІэхэр кьекІуэкІ ГъащІэм хэтъыжьымкІэ унафэхэр кьыщащтэрт.

Бгырысхэм я хабзэхэм икІи иткІэ щыІэм, узэркъым, таубийм куэд хуагъэгъуэрт, куэдкІи худачьыкрт, ауэ ахэри хуиттэкъым зэкъуэшыщІэхэм ящыщ ваПІэрэ мэкъупІэрэ ямыІэу кьэгъэнэну. Ар ди цІыхухэм я гъым иджыри хэлъщ. Аращ щІыр зэращъм, кьызэращъхум, ясынныкъуэхэм хабзэм кьемызэгъыу зэрызрагъэфаІэм зэныкъуэкъу куэд кьыщІикІыр, абыхэм ятеуэуа тхьэусыхафэхэр кьуажьдэсхэм Правительствэм и цІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр, Сабийм и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэр, Хьэрычтыщ Іэхэм я хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэр, ЦІыхухэм я хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ жылагъуэ центрыр, ягъэтІысхэм я хуитынигъэхэр кьызэрэзэрагъэпэщыным кІэлъыпІэ жылагъуэ комиссэхэр, нэгъуэщІхэри. ЦІыхухэм я хуитынигъэхэм къащхьэщыжьымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, дин Іуэхуэ ІапІэхэм.

ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щылажьэу ухежьащ 2007 гъэм.

Абы республикэм щыІэ кьэрал, жылагъуэ Іуэхуэ ІапІэхэм я деж ущыпІэ нэрыльагъу щебыдэ. ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу республикэм и Іэтащхьэм, Правительствэм я деж щыІэ коллегиальнэ чэнджащэгъу органхэм я нэхъыбапІэм хэтщ, Парламентым и зэІуІэхэм зэпымыууэ щІэсщ. А псоми кьыщымынэу, Уполномоченнэм хуитынигъэ ираташ законкэр кьэщтэнымкІэ жэрдэмэр кьыхилъхьэну, апхуэдэу Парламентыр хэпльэн ипэкІэ зэконопроектыр кьызэрыщыхъуар итхын папщІэ зыкъуэгъахьэм ар ящыщщ. Уполномоченнэм гъэкъэ игъэхьэзыр докладым республикэм и Іэтащхьэмрэ Парламентымрэ хопльэ.

Лэжьэн зэрыщІидзэрэ блэкІа илъэс 12-м кьриубыдэу я хуитынигъэхэр кьызэрэзэпэуадым теухуауэ Уполномоченнэм ЦІыху мин 11-м щІигъу кьыхуэтхьэусыхащ. А тхьэусыхафэхэр нэхъыбэу зытеухуар следствием и органхэм я лэжьэкІэщ, суд унафэхэр мытэмэну кьызэралъытэрщ, судым кьыщта унафэхэр зэрамытэкІэщІ, коммунальнэ Іэхуэтхьэбзэхэм, газым, электрокъарум я уасэхэм зэрыхэхъуэрщ, лэжьапщІэр зэрымащІэрщ, ар и зэманым зэрамытырщ, я Іэщ ІагъэмкІэ лэжьапІэ зэрамыгъэтырщ, ещІэжьащІэм зэрыщыІагъэр хабзэхэм зэрапыщІар.

Иджыпсту Уполномоченнэм зэпымыууэ и нэІэ тригъэтщ цІыхухэм псэупІэ и лъэныкъуэкІэ яІэ хуитынигъэхэр пхыгъэкІыным, псом хуэмыдэу зыхуэфащэхэм социальнэ псэупІэ яхуэхьныным, унэ кьэзыкъэм, жьы дыдэ хуэхуэ, зэІыхьлымэ. Мыдрейгъэ, а хущхъуэ зыщэ цІыхубзым апхуэдэфэ лъэпкъ теткъым, зэпиудаг ар Капитан.

- ЗэпыщІащ! Ар зэрызэпыщІар мы си гъэпхъуэм сы лъэпхъуэм бэшхуэхэмк Араущ зэрыщІар. Абы Іуэху і зэхуамІэмэ, нэгъабэ зэрыщІар. Ар ящыщщ. Ауэ фІым ущегъэгуГъ демократие хабзэхэр гъэбдзэнымкІэ зэщІыгъуэ ягъэкІуэтэмщІ.

- Хьэуэ, сэ мыдэ зыгурэхэр кьасщтэу сыщІэкІыжьынкІи хуейщ. ИужькІэ кьызжеПІэжьинщ зэрыхуэр.

Езид зимыІэжьэу щІэкІыжащ. Капитанэр Заурбэчэрэ щыст зыри жамыІэу, Езид жиІа-хэм егупсысу кьыщІэкІынт. Абы хэту Исуф бжэр Іуихри, кьыщІэпІащ:

- ФемыупщІауэ ара цІыхубзым иджыри? - жиІащ абы, пэшым кьыщІэмыхьэу. - КІыхьлІыхъ зывмыщІ, шефыр министрым иридждащи, ар кьэкІуэжьыхуКІэ зэфІэвгъэкІ! - бжэр кьридзылІажащ абы.

- А Езид сыт щхьэкІэми, зыгъэркІэ игу кьеуащ цІыхубзыр зэрагъэтІысар, - жиІащ Капитан.

- Сэри гу лъыстащ абы, ауэ кьызгурыІуэркъым, - мащІэу кьыпІугуфІыкІащ Заурбэчи. - Кьеджэ-тІэ, Исуф и шефыр кьэмысыж щыкІэ, деупщІынщ.

Телефоныр кьытрихри, Капитан зыгъэрым унафэ хуищІащ цІыхубзыр кьашэну. Куэд дэмыкІыу, хущхъуэ зыщэр кьагъэсащ. Ауэ, Заурбэч илъагъур и фІэщ мыхъуу, и нэхэр кьихуу абы еплъащ.

КьэщІыхуэкъыгуейр ар зымахуэ илъагъуа цІыхубз дахэ зэкІужьр арауэ. Абы фэи нури иІэжтэкъым, гъыурэ и нэпІащхьитІыр кьытебэгат, езыр хьэщтам хуэдэу, зэщІэкІэзыІэзэрт. ЦІыхубзым зыгуэркъэр жиІэну хуей щхьэкІэ, и Іупэкъэ зэтеуэ мыхъумэ, зы псалъи кьыхущэшейртэкъым. Капитан стэчаным псы иригъаХъуэри, хуишищащ абы, езыри, и Іэпэхэр кІэзызу кьыщыІэбэм, щэнтым кьехуэхри, зимыщІэжу унэкъм кьыхуащ. «Скорэр» псынщІэ дыдэу кьэсащ. Пэшым щы-хухъуэгъэр щІагъэкІри, дохутыр-хэм цІыхубзым еплъащ. Къэхъуа псоми зыри хэзымыщІыкІ дохутыр хэкІуэтам дыджу жиІащ:

- Анэ фыкъилъхуакъэ, фщІэр сыт?

Капитанрэ Заурбэчэрэ зэпІымжащ. Абыхэм кьагурыІуакъым дохутырым жиІар езыхэм зэрахэгъэзэр. Капитан гугъу дехьу цІыхубзым жриГъэІащ и цІэунэцІэр, щыпсэур. Уеблэмэ, а тІэкІухэри ятхатэкъым цІыхубзыр мылищэм щашам, сытми щІадзауэ щІэсу арат. �цІыхубз дахэр Тэнхэ ящыщт, и цІэр Дианэт. Капитан тхылъымпІэ щІэнэ къ щыщтэри, зыгуэркъэр итхащ.

- Мыбы Іэ кьытедзэ, Дианэ, - тхылъымпІэр цІыхубзым хуигъэкІуэтащ следователым.

Дианэ и Іэхэр кІэзызу, ерагъуу Іэ тридзащ тхылъымпІэм, итми емыджэжу.

- Уемыджэу цхьэ щІэбдза, ди шыпсу? - цІыхубзыращ Капитан.

- Си щІалэ цІыкІуитІым я закъуэпцІийщ, - зы зэман зэ кьыдриишеящ абы, - мы жэщитІми дауэ хьуа ахэр?

- Мы Іэ зыщІэбдзам зыщІыпІи укІуэ мыхъуну аращ итыр, - щадэу зыриГъэжащ Капитан, - кьыбгурыІуэ?

«КьызгурыІуащ», - жьхуиІэу цІыхубзым и щхьэр ищІащ.

- АтІэ кьыбгурыІуамэ, зыщІыпІи умыкІуэ. Нобэ унэм щІэс, пщэдей щыщІидзэнуэ дохутырым удыхьэжьынущ, узэрылажьэу щыІам хуэдэу.

Капитан жиІэр и фІэщыщэ мыхъуу кьеплъащ Дианэ.

- Накіуэ, си зыгуэрым уеэгъэшэжынщ!

Дианэ и Іэблэр иубыдри, пэшым щІишэжащ. Капитан. ЦІыхубзым кьызэрыщІэшэрэ зы псалъэ жимыІэу щысащ Заурбэч. Абы гущІыхь щыхьэт илъэгъуа псори. Дианэ кьызэреплъамкІи кьагурыІуащ кьызэрицІыхужар, уеблэмэ, щІишэжащ, Капитан. ЦІыхубзым кьызэрыщІэшэрэ зы псалъэ жимыІэу щысащ Заурбэч. Абы гущІыхь щыхьэт илъэгъуа псори. Дианэ кьызэреплъамкІи кьагурыІуащ кьызэрицІыхужар, уеблэмэ, «Фэра мыгъуэ, щІэ-лэ цІыкІу, мы псор зи кІэ кьІар?» - кьыжриІаУ кьыщыхьуащ. Ауэ цІыхубзым и Іэхуэр сыт хуэдизкІэ и жагъуэ мыхъуами, абы кьыгурыІуакъым Капитан ищІам кьиКІыр, абы фІы дыдэу кьыгурыІуар зыщ: цІыхубзыр зэриутпІыщжам икъуэкьужкІэ кьауГъэшхуэ кьызэрикІынурщ.

Дианэ унэм иригъэшэжри, кьыщІыхьэжащ Капитан. Ар нэщхьейт. Щымт Заурбэчи. Ар гъпІэрэ жрагъэІэну. КьыбгурыІуэрэ сэ жысІэр?

- КьызгуроІуэ, сыт кьыщІызгурымыІуэр! Ауэ сэ сызэгупсысыр нэгъуэщІщ, Дианэ щІэбгъэтІыпщыжауэ жжеІэнуэр сыт мобыхэм?

- Дианэ щІэзэутІыпщыжар уэ плъэгъуакъэ? Аращ жжеІэнуэр абыхэми!

- Дэгъуэщ. Сытым дежи Дианэ и унэм сыщкІыжынр?

- Щэджагъэшхэ зэрыпщІу.

(КІэлъыкІуэр.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Дохутыр-щІэныгъэлІ

Нэгъуэщ Іу къезэгъыжынукъым псынщІэу зызыужь мы ІэнатІэм

Дохутырхэм университет е а ІэщІагъэм хухэха институт къаухкІэ зэфІэкІынукъым, ахэр щегъэджэн хуейщ иджырей Іэмэпсымэ льэщхэмкІэ уэзда медцентрхэм. Апхуэдэу щыжаІащ Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ Санкт-Петербург щригъэкІуэкІа зэІуищІэм.

ПОЛИКЛИНИКЭХЭМРЭ сымаджэщхэмрэ дохутыр зэрахуриимыкъур нэрылъагъущ. Матвиенкэ зэрыжиІамкІэ, пэщІэдзэ медицинэ Іуэхущ Іапі Іэхэр дохутыру мин 25-рэ, медсестрауэ мини 130-рэ хуэныкъуэщ. «Сыт хуэдиз фельдшеракушер пункт, сымаджэщ дымыхуэхми, щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ дохутыр димыІэмэ, тщІэр зыри и уасэкъым», - къыхигъэщащ абы.

ЗэІуищІэм хэтахэр зэдзэрзэщ хэкІыпІэу щыІэмкІэ: къэралым и щІыналъэхэр зыхуэныкъуэ дохутырхэр ягъэбелджылын, ахэр медицинэ факультет нэхъ зызыужьажэм щегъэджауэ, я хэгъэгу гъэкІуэжьын хуейщ, абы щыгъуэми, щІыналъэхэм я унафэщІхэм ІэщІагъэлІ къэзыгъэзэжьыр зыхуэфІкІэ къыззрагъэпэщыныр я къалэну.

Медицинэм и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІым щыхагъэхъуэфынур щІэныгъэкъухутакІуэ центрхэрщ. КъыхэбгъэщхьэхуКІмэ, зи гугъу тщІы мы зэІущІэр щекІуэкІар Алмазов В. А. и цІэр зезыхьэ Льэпкъ медицинэ къухутакІуэ центрращи (НМИЦ-р), абы илъэс кІэлъ щрагъэджэж дохутыр мини 2-м щІигъу. ЩІэныгъэщхуэ щызэгъэуІуэ центрым иджы щеджэфынущ дохутыр хъуну хуейхэри. Операцэ хьэлъэ дыдэхэр щащІ мы центрым. Псальэм папщІэ, цІыхум и гур щызэрахъуэкІ операцэу мы гъэм и закъуэ 130-рэ мыбы щащІащ.

Алмазовым и центрым 2022 гъэм ехъуІэу лэжьэн щыщІидзэнущ ядернэ медицинэмкІэ Іэхущ Іапі Іэ, ауху щІэныгъэр щагъэкІуэтэ, щрагъаджэ комплекс (2024 гъэм яухынущ), сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ папщІэ лажьэ медико-биологие центрым зрагъэужь. Къищынэмыщ Іауэ, НМИЦ-м и мурадщ фІыуэ зыщымыгъуазэ, къызыхэкІыр ямыщІэхэр узыфэхэм я федеральнэ центр къызэІуихыным теухуауэ екІуэкІыну зэпеуэм хэтыну. Мы Іуэхухэр зытеухуэжар урысей медицинэр дуней псом абы щигъуэт зыужьныныгъэм къыкІэрымыхуу гъэкІуэтэнущ. А къалэнхэр щыгъэбелджылащ «Узыншагъэр хъумэн», «ЩІэныгъэ» льэпкъ проектхэм.

● Іуэху еплъыкІэ

Дунейпсо, урысей экономикэхэм къапэплъэр

Нобель и саугъэтыр 2001 гъэм экономикэмкІэ зрата Стиглиц Джозеф (США) и зы жыІэгъуэ цІэрыІуэ хъууэ щытащ 1990 гъэхэм. «Мыр сыту дуней гъэщІэгъэн, къулейсызхэм къулейхэр ягъашхэу», - арами фигу къэзгъэкІыжыр. Гушыіэ мащІэ хэлъу жиІами, дунейпсо экономикэм и ухуэкІэм фІыуэ щыгъуаз э щІэныгъэлІыр мы Іуэхум и лъабжьэм щІэлъым, дауи, фІы дыдэу щыгъуаз эщ.

Сыт атІэ абы жиІэр экономикэм епха гугъуехьхэм теухуауэ?

ДИГУ зыгъэфІыну къыхигъэщам укъытеувыІэмэ, дуней псор зэщІэзыуІэну гугъуехь экономикэр Іумыуэну къелъытэ. Ауэ зи экономикэр нэхъ лъэщ къэралхэм зыхащІащ ар хуэм зэрыхъуар. Псальэм папщІэ, Германием. Китайми и ВВП-р илъэсым къриубыдэу проценти 5 - 7-кІэ хэхъуауэ аращ (мы къэралым иІа бжыгъэхэм еплъытмэ, ар мащІэщ), США-м и экономикэр ефІэкІуащ процент 1,9-кІэ.

Джозеф къызэрилъытэмкІэ, экономикэм епха гугъуехьхэр къызыхэкІыр политикэ Іуэхухэращ. Зэрыгугъуэгъэщи, цІыхухэр щыІэкІэ-псэукІэм теухуауэ зыпэщІэт гугъуехьхэр нэхъыбэ хъунущ, иджы зэрыщытым хуэдэурэ кІуэмэ. ЩІэныгъэлІым хуегъэфащэ капитализмэр «зыщІэгупсысыжу» зихъуэжыну. Сыту жыІэмэ, сатумрэ фейдэмрэ псори тезыщІыхь капитализмэм цІыхуцІэ зиІэм хуэмыфащэ тхьэмыщкІагъэ къигъэщІащ. Абы щыхьэт тохъуэ ООН-м къит бжыгъэхэр: зэІыхьлы, унагъуэ 358-м ахъшэу (доллару) дунейм щызекІуэм и процент 50-р яІыгъ, адрей цІыху псоми (мелардиблым нэсым, кьэнэжа процент 50-р ятебгъэшэн щІэбдзэмэ, нэрылъагъущ мыпкъуу яІэр зыхуэдизыр. Стиглиц жеІэ а щытыкІэр езы цІыхухэм яхъуэжыну яужь ихьэнкІэ зэрыхъунур, икІи гурыІуэгъуэщ сыт хуэдэ революцэми зэрызехьэми гузэвэгъуэшхуэ къыдэкІуэ зэрыхабзэр.

Къэкіуэну илъэсипщІ-тІощым экономикэм игъуэтынкІэ хъуну зэхъуэкІыныгъэр къыпхуэмыщІэну жеІэ Джозеф, Европэм хэт къэралхэр я зыужьыкІэкІэ зэрызэхуэмыдэм, Евросоюзым Инджвылызыр къызэрыхэкІыжым, США-м нэхъ щхьэхуэ зэрызищым, Китайм и политикэ гъэпсыкІэр зыхуэкІуэнкІэ хъунум епха гугъуехьхэр, зэныкъуэкъу къызэрыкІыр куэдщи.

Урысейм теухуауэ экономист цІэрыІуэм жиІэр ди экономикэр щІыдагъэмрэ газымрэ епхауэ къанэ зэрымыхъунурщ, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми зегъэужьын зэрыхуэйрщ. ЩІэныгъэлІым эхъуэзауэ жеІэ а Іуэхухэм икІэщІыпІэкІэ ди къэралыр яужь имыихьэмэ, иужькІэ кІасэ хъуну.

● Щапхъэ

Хабзэжьхэр яхъумэ

ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкІэ республикэ уардэунэм 3 - 5-нэ классхэм щІэс еджакІуэ цІыкІухэм пащІэ къызэригъэпэщ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» зэпеуэр мы махуэхэм екІуэкІащ.

ХАБЗЭ хъууэ Іуэхур илъэс къэс щІралъхьэкІыжым щхьэусыгъуэ дахи иІэщ. Ар ди щыналъэм щыпсэу льэпкъхэм къадекІуэкІ хабзэхэр, щэнхабзэр хъумэныращ, ахэр ди нобэрей гъащІэм хапщэурэ къыдэкІуэтей щІэблэр абы щІапІыкІын, апхуэдэу творчествэ и лъэныкъуэкІэ сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийхэр наІуэ къащІын папщІэщ.

Мы гъэм зэпеуэм хэтащ республикэм и щыналъэ зэхуэмыдэхэм, къалэхэм кьикІауэ гуп 13. Артист ныжьыщІэхэм утыку къэрахьат хьэгъуэлІыгъуэм, гущэхэпхэм, хьэщІэ егъэблагъэкІэм, «Гъатхэпежьэм» ехьэлІа хабзэхэр къызыхэщ театр теплъэгъуэхэр. Утыкум щыджэгуа сабийхэм я бзэр шэрыуэу, ягъэзащІэ ролхэр нэсу къэпщытакІуэхэм я пащхьэ зэрыралъхьэным хущІэкъуу, зыхэт Іуэхур я псэм зэрыдыхьэр плъагъуу апхуэдэхэт.

Зэпеуэм и кІэухыу ягъэува дамыгъэхэр кьабжьыжри, ялэ увыпІэр хуагъэфэщащ: Налшык къалэ дэт 9-нэ, Бахьсэн къалэ дэт 4-нэ, Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт 2-нэ школхэм, Октябрьскэ, Акъбай Ипщэ къажэхэм дэт курыт еджапІэхэм.

ЕтІуанэр кьаухащ Налшык къалэ дэт 31-нэ, Шэджэм ЕтІуанэ дэт 1-нэ школхэм, Хьэтуей, Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэхэм дэт 4-нэ курыт еджапІэхэм.

Ещанэ хъуахэщ Псыхъурей, Светловодское къуажэхэм дэт курыт школхэмрэ Тырныауз къалэм дэт 6-нэ, Анзорей къуажэм и 1-нэ еджапІэхэмрэ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Щыуэпс

Къэгъэзапіэм дытеплъэкъукІар пэжмэ...

Іуащхьэмахуэ телъ уэсым кІуэ пэтми зэрыхэщІым и щхьэусыгъуэмрэ абы кьрикІуэнкІэ хъунумрэ дригузвэну тхурикъунт. Арщхьэкіэ, Ищхъэрэ Мылылъэ хым ардыдэр кьызэрыщыхъум и хъыбарыр нэхъ шынагъуэжщ. ЖыпІэнурамэ, жьыуэпсыр (климатыр) зэуапІэм ещхь хъущ, нобэ къытІэрыхьэнкІэ хъуну хьыбарым дигъэпІейтейуэ. Мы Іуэхум джэгу кэлъыжу къыщІэкІынукъым, щІэныгъэлІхэм я жьІэмрэ жьыуэпсым зэрызихъуэжым цІыхум гузэвэгъуэу кьахудэкІуэнкІэ хъунумрэ теухуа документальнэ, художественнэ фильмхэмрэ ди нэгу къыщІагъэувэм тепщІыхьмэ.

«АКАДЕМИК Мстислав Келдыш» цІэр зэрихьэу Урысейм иІэщ щІэныгъэ-хъэхутакІуэ кхъухь. Абы иджыблагъэ иригъэкІуэкІа кхъухтэныгъэхэм кьагъэлъэгъуаращи, Къэкіыпіэ Арктикэм и тенджызхэм кьахиху метаныр хуэди 6 - 7-кІэ нэхъыбэ хъуащ ику ину хьэуам хэтыпхъэм нэхъ. Тенджызыр зыджэзм зэрыжаІэмкІэ, къэрал 200-м Іэ зыщІадза Париж зэгурыІуэныгъэм хэпльэжьын хуейуэ мы Іуэхум къегъуэв (абы щыгъуэм «парниковый газ» жьыуаІэрат жьыуэпсым зыщІихьэжьым, кІуэ пэтми дунейр хуабэ щІэхьум и щхьэусыгъуэу къалъытэр).

Къэрал куэдым я щІэныгъэлІхэр зыхэта гупыр зыхуэкІуар мы гупсысэрэр: псоми дгъэжьанэр углекислэ газрати, дунейр нэхъ хуабэ къэхъуэу, Іуэхум нэгъуэщІхэри кьыхьыхьащ, кІуэ пэтми щІэхуабжьэу. ЦІыхум хьэуам углекислэ газ афІэкІа химыуТыпщхьэжми, абы и зэранкІэ ежьа Іуэхухэр кьыпхуэгъуэвыщІэжынкъым.

ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, Арктикэм зэрызихъуэж щыкІэращ ди планетэм кьыпэплъэр зэлъытар. АтІэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар щІэгъэхуэбжьауэ къохуабэ. Абы и щыхьэтщ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: иужьрей илъэсипщІым ЩІым ику иту хуабагъэр зы градускІэ щыхэхъуамэ, Арктикэм ар градуси 5 - 7-м щынэсащ. Иужьрей илъэс 40-м Ищхъэрэ Мылылъэ хым гъэмахуэм мылу кьытенэр хуэдитІкІІэ нэхъ мащІэ хъуащ. ЩІэныгъэлІхэм я гугъат ар кьыщІихъунур мы лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІрауэ. Иджы Іэщ Іагъэлхэм шэч кьытрахьэрхъым: мыпхуэдэу псынщІэу Іуэхур екІуэкІынумэ, лІэщІыгъуэм и кІэм мыл щалъагъужьынукъым а щІыпІэм. Американ щІэныгъэлІ Френсис Дженнифер жиІэр нэхъ Іейжщ - 2040 гъэм ирихьэлІэу тКІунущ тенджызыр зэщІэзыІуІа мылыр.

Щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэ хуэдэщ - псори къызыхэкІар цІыхуцІэ зиІэм и лэжьэкІэрщ. АтІэ, дунейр къэхуэбэнэр я нэхъ щІыІэ Арктикэм щхьэ кьыщыщІидза?

Абы теухуауэ щыІэ Іуэху еплъыкІэ зыбжанэм ящыщу РАН-м и академик Лобковский Леопольд нэхъ тэмэму кьиІьытэм и гугъу фхуэзущІыну.

- ЗэрыпщІэщи, - жеІэ академикым, - пасэ зэманым арктикэ псы Іуфэр щІыуэ щытащ, мамонтхэм кьыщакІуэху. Илъэс мини 10 ипэкІэ тенджызым зыкъиІэтри, щІыри иубыдащ. Ар щІыуэ щыщытам щІыІэу иІыгІт градус 15 - 20. Псы щІагъ щыхъум, градусыр 0 хьуху дэкІуеящ. Абы кьишаращи, хуит къэхъуу хуежьащ мылым кьузауэ иІыгъ мета-ныр.

Мы Іуэху еплъыкІэм урегъэгупсыс: дунейр кІуэ пэтми хуабэ зэрыхьур зи лажьэр щІыхьр армыраУэ, ди планетэм щекІуэкІ, фІыуэ дызыщымыгъуазэ гуэрхэр арамэ-щэ?

Абы и жэуап зэкІэ ящІэркъым. Шэч зыхэмыльращи, къэралхэр зэгурыІуэу зэдащІэну лэжьыгъэм егупсысын хуейщ. КъищынэмыщІауэ, илъэсым кьриубыдэу, я нэхъ мащІэрамэ, пщІэ щІэныгъэлІхэр Арктикэм кІуэн, абы щекІуэкІым кІэльыплъын хуейщ.

● Сату

ДэжьейІэрысэ

Іэфіыкіэм халъхьэ дэжьейІэрысэр (фундукыр) гектар 80-м щагъэкІ, Лэскэн къуажэм пэгъунэгъуу. Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэ Владикавказ километр 82-кІэ пэжыжьэу аращ а щыпІэр. Мы Іуэхур езыхьэжьахэм я мурадщ иджыри гектар 200-м ар щыхасэну.

- ИТАЛИЕМ щыщ компаниехэм дадолажьэ, - жеІэ мы Іуэхущ Іапі Іэр зей Гаджиев Багаутдин. - Жыгъыщ Іэ цыкІухэри аращ къызідитшар. Дэ абы дэжьейІэрысэр едгъэшэжьнущ, ар хэлъу шоколадым Іэфіыкіэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхащІыкІри.

Хадэм елэжьхэм зэрыжаІэмкІэ, илъэсищ нэужьым дейм кьыпач, а жыгхэм илъэс 50-кІэ дэжьейІэрысэ кьапокІэ.

Дэр кьрахьэлІэжьыным гугъу дехьыркъым, ар кьыпічынымрэ гъэкъэбзэнымрэ трактор цыкІухэмрэ машинэ-пылесосымрэ зэфІагъэкІ. Гектарым тонни 2,5 - 3 кьарет дэ мыгъэкъэбзауэ.

Урысейм и пхъэщхьэмыщхьэгъэкІхэм я зэгуфэныгъэм кьит хьыбархэм къызэрыхэщымкІэ, дэжьейІэрысэр сату ирипщІыну фейдэ зыпылъ Іуэхущ. Пэжщ, дейр нэгъуэщІ къэралхэм кьыщыпщэхун хуей мэхъу, Урысей Федерацэм хэпсэн жыгыщІэ зэрыщымыгъэтым кьыхэкІыу.

Осетие Ищхъэрэм мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министр Вазиев Кязбек зэрыжиІэмкІэ, дэжьейІэрысэ ягъэкІыныр иджыблагъэ яубла Іуэхущ, ар нэхъыбэу кьыщыкІыр Кавказрами. Къэхутэныгъэ ирагъэкІуэкІам кьигъэлъэгъуащ Осетие Ищхъэрэм и щІы гектар минипщІ а жыг лІэужьыгъуэм епт зэрыхъунур. ЩІыр кьыззэмащІэкІ республикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ куэд имыубыду, ауэ хэхъуэрІ кьыпэкІуэу лэжьыгъэ яІэ зэрыхъуам.

ФщІэн папщІэ: Урысейм дэуэ кьыщагъэсэбэпым и процент 95-р хамэ къэралхэм кьраш. Дэ лІэужьыгуэ псори цІыхум и узыншагъэм зэрыхуэщхьэпэр кьалъытэу, ар зи Іэнэм темыкІэр нэхъыбэ хъуащи, кьагъэкІыхэмэ, ящхэхунущ. УзыщыгуФІыкІынщ дэжьейІэрысэ хадэ, гектар 300 иубыду, Адыгейм зэриІэр. Абы елэжьхэм я мурадщ ар хуэдиблкІэ нэхъыбэм щыхасэну.

● Каратэ

Дыщэкі Мухьэмэдрэ Мэкъуауэ Аланрэ дунейпсо чемпионхэщ

Мэкуу кьалэм щекІуэкІащ лІэужьыгъуэ псори зыхэт каратэмкІэ ялэ дунейпсо чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ. Льэпкъ спортым и зыужьыныгъэм и дежкІэ ар Іуэхугъуэшхущ. Зэхьэхьэм хэтащ къэрал 30-м кьикІа спортсмен 1500-м нэблагъэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыІэущащ КъБР-м щыщ спортсмен 18 икІи ди къэралым медаль зэмылІэужьыгъуэ 7 кьыхуахьащ.

Зыхэта гупхэм пашэныгъэр щафыдащ Жэмбей Астемыррэ Гъудэ Астемыррэ. Дыжьын медалхэр зыІэрагъэхьащ Капранов Роман, Байрамуков Рашид, Быишэн Залым сымэ. Бетрожь Владимиррэ Бабыгуей Елдаррэ ещанэ хъущ.

Дунейпсо чемпионатым дыщэ медалхэр кьыщахьащ ДыщэкІ Мухьэмэдрэ Мэкъуауэ Аланрэ.

ЗэфІэкІышхуэ кьэзыгъэлъэгъуа ди щІалэхэр ягъасэ Сэбаншы Мурат, Шахмурзаев Шахмурзэ, Мэремыкъуэ Казбек, Джинчарадзе Зураб, Гъудэ Рустам, Бзабзэ Мурат сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ПсапащІэхэр

● Налшык

Узыншагъэкіэ гуныкъуэгъуэ зиІэ сабийхэм ди республикэм щагъуэт гулъытэм хохъуэ.

НЫКЪУДЫКЪУАГЪ зыбгъэдэлъ цІыкІухэм папщІэ концерт къызэрагъэпэщащ «Мелодия добра», «Мечты сбываются» псапащІэ фондхэм. Ди республикэм фІыуэ щалъагъу артистхэр хэту къызэрагъэпэща а Іуэхум ирагъэблагъат волонтёрхэмрэ КъБР-м и УФСИН-м я лІыкІуэхэмрэ. Мамырыгъэм, зэныбжьэгъуГэм, зэкъуэтынымгъэм, лъахэм теухуауэ концертым кьыщыІуа узэрдэхэм дихьэхыу едэІуащ сабийхэри абыхэм я адэ-анэхэри. «Мечты сбываются» фондым и унафэщІ Магомедовэ ФатІимэ къызэрыхигъащамкІэ, дяпэкІи я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ сабий сымаджэхэм гулъытэ хуащІыным. Фондым илъэс еплІанэ хъуауэ мыпхуэдэ концерт-хэр къызэрегъэпэщ. Абы кьыпэкІуэ ахъшэр бын сымаджэ зиІэхэм трагуашэ, сабийхэм ирагъэІэзэн папщІэ.

ХЬЭТУ Астемыр.

Москва Илъэсыщ Іэм зыхуегъэхьэзыр

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ди къалащхьэр ящыщщ нэгъуэщІ къэралхэм кьикІыу зыплъыхьакІуэ куэд къызыхуэкІуэнухэм. Араши, сабийри балигъри къыдикьэхьну зегъэщІэращІэ. Мы сурэтри абы и щыхьэтщ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ МАРИНЭЩ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэпыдзэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм ПІ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *редактору* ЖьэкІэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Инэ *(1, 2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 2.056 • Заказ №1087